

Kijan pou Viv Lavi Yon Kretyen



Liv sa se pou:

KIJAN POU VIV LAVI YON KRETYEN

Sa Se Yon Klass Pou Jenn Ti Kwayan Yo

(Rekòmande pou timoun 3èm ak 4èm ane)

Ekri pa Mary Lou Canata
Ilistre pa Eric Jansen

Enprime pa
Foursquare Missions Press

Dwa Kopy © 2010

TAB CHAPIT YO

Leson Nimewo En

Mwen Se Yon Kreyen – Epi Tou? **6**

(Kijan pou Grandi nan Fanmiy Bondye-a)

Leson Nimewo De

Kijan Pou Viv Pou Jezi **11**

(Lavi Kreyen Toulejou)

Leson Nimewo Twa

Fè Lekti Sou Bagay Ki Pale de Jezi **15**

(Lekti ak Etid sou La Bib)

Leson Nimewo Kat

Pale ak Bondye **19**

(Lavi nan Lapriyè)

Leson Nimewo Senk

Yon Kote pou Adore Bondye **23**

(Lavi nan Legliz)

Leson Nimewo Sis

Pale Lòt Moun de Jezi **28**

(Temwaye Bay Lòt Moun/Preche Levanjil La)

BYENVENI NAN FANMI BONDYE-A

Eske se pa yon plezi pou konnen ke koulè-a ou fè pati nan gwo fanmi Kreyen Bondye-a? Ou se yon manb nan fanmi Li e ou kapab toujou konsidere ou kòm manb lhè ou kwè nan Jezi kòm sovè ou, lhè ou obeyi pawòl Li epi lhè ou pase tan avèk Li pou ka konnen kimoun Li ye pi byen.



Fanmi Bondye gen ladan ti gason ak ti fi, tinejè ak granmoun. Nou se frè ak sè. Bondye se Papa nou ki nan syèl la.


Mande Bondye pou padonnen ou pou sa ou fè ki mal vle di ke peche ou te fè avan say o padonnen epi li bliye yo. Padon te posib e li toujou posib paske Jezi te mouri sou kwa pou ou.

Antan ke manb nan fanmi Bondye epi antan ke yon Kreyen, Bondye ta vle wè ke w'ap viv nan yon fason ki fè Li plezi. Avèk èd li, ou kapab viv nan fason sa lakay ou, nan lekòl ou, nan legliz ou, nan rekreyasyon- toupatou.

Liv sa pral ede ou konnen egzakteman kisa Bondye vle de ou menm. Koulè-a ke ou se manm fanmi Li, w'ap gen pou aprann fason ke ou kapab fè Jezikri plezi epi sèvi li, li menm ki Sovè ou ak Zanmi ou. Konsa ou va grandi pou vin yon Kreyen ki byen janm.

Apran ekriti sa ki nan Bib la:

“Jezi t'ap devlope, li te vin gen plis lesprì toujou, li t'ap ajì yon jan ki te fè ni Bondye ni lèzòm plezi.” Lik 2:52 (CPF)



Desinen foto ou nan bwat sa!

Mwen, _____, aksepte

Seyè Jezikri kòm Sovè pèsònèl mwen

Nan dat _____ a

Non moun ki priye avèk mwen an:

Avan ou komanse...

Chèche yon Bib



Chèche yon kreyon ak gòm

Chèche yon Diksyonè





Kijan pou sèvi ak liv sa...

1. Sèvi ak liv sa ansanm avèk Bib ou.
Yo tire ekriti yo nan vèsyon Bib (CPF) la ki se Vèsyon Kreyòl Ayisyen an.
2. Priye epi mande Bondye pou ede ou pou ka fè sa ou konnen ki pi bon an.
3. Pran san ou. Li chak leson avan, epi fè devwa yo.
4. Li chak keksyon epi ekri repons la.
5. Aprann epi konnen vèsè Bib yo bay nan chak leson yo.
6. Lhè ou konplete liv la, bay pwofesè-a li. Y'ap retounen liv ou a ba ou.
7. Kenbe live ou a pou lekti ak revizyon pi devan.
8. Pataje liv la avèk zanmi ou lhè ou fini tout devwa yo.
9. Kontinye li Bib ou, priye epi viv pou Jezi.





Leson Nimewo En MWEN SE YON KRETYEN – EPI TOU?

Gen kèk moun ki pa janm vreman konnen si yo se Kretyen, men ou menm ou kapab konnen pou tout bon vre. Lhè ou te mande Bondye padonnen ou pou tout sa ou te fè ki mal epi ou te di Jezi ke ou te vle Li kòm sovè ou, lhè sa ou vini yon Kretyen ki fèt yon dezyèm fwa, ki kòm si ou vin yon manb nan fanmi Li. Bondye fè bagay sa yo paske Li te pwomèt Li t'ap fè sa. Bondye pa ka bay manti! Fè lekti sou pwomès Li yo (Jan 1:12).

Koulye-a ke ou fè pati nan fanmi Bondye-a, w'ap vle grandi spiritwèlman epi w'ap vle tounen yon Kretyen ki janm. Sa va fèt si ou aprann pawòl Bondye epi ou fè sa Bondye mande ou, ou menm ki pitit Li.

Bondye pa toujou kontan avèk sa nou fè men Li toujou renmen nou epi l'ap ede nou pou nou fè sa ki byen epi pou nou kapab fè kè Li kontan.

“Pèche” se yon lòt mo pou dezobeyisans. Lhè nou peche,

nou toujou fè pati la fanmi Bondye paske Bondye toujou pare pou li padonnen nou lhè nou mande Li padonnen nou.

Bondye di nou nan Bib la kijan pou nou fè pou nou fè kè Li kontan. Nou kontan lhè nou obeyi Bondye, Papa nou kin an Syèl la.

Chèche ekriti sa yo nan Bib la epi li yo pandan ke w'ap aprann kisa Bondye vle ou fè etan ke yonn nan pitit Li yo.

1. Montre tout moun lanmou, menm sa ki lenmi ou yo. (Matye 5:44)
2. Fè jantiyès ak tout moun. (Efèz 4:32)
3. Aprann padonnen lòt moun. (Lik 6:37)
4. Ede lòt moun. (Ezayi 41:6)
5. Piga nou vòlè. (Egzòd 20:15)
6. Piga mou twompe moun. (Ebre 13:18)
7. Piga nou bay manti. (Pwovèb 12:17)
8. Obeyi papa nou ak manman nou. (Efèz 6:1)
9. Fè atansyon a sa n'ap di e sa n'ap fè. (Lik 6:31)

L'hè nou rive nan Syèl la nou p'ap bezwen fè zefò pou nou fè sa ki bon. Nan syèl la, pa gen tantasyon epi pa gen peche. Tout bagay ak tout moun ap san fot. Nou va viv avèk Bondye ansanm avèk fanmi Li pou toutan ki p'ap janm fini.

KISA OU TE APRANN NAN LEKTI SA?

1. Kijan pou konnen ke ou se yon Kreyen tout bon vre?

2. Kopye vèsè Bib la kin an 1 Jan 1:9.

3. Trase yon liy sou mo ki pa kòrèk yo nan chak fraz.

Dezobeyi, obeyi manman ak papa ou.

Pataje ak pèsonn, lòt moun.

Fè jantiyès ak kèk moun, tout moun.

Renmen, rayi lenmi ou yo.

4. Fè yon ti won arebò repons ki kòrèk la.

Bondye banou Bib la pou nou kapab swiv kòm egzanp

Wi Non

Eske Bondye mande nou pou nou obeyi sa Bib la di?

Wi Non

Eske Bondye toujou kontan ak sa nou fè?

Wi Non

Eske Bondye padonnen nou pou sa nou fè ki mal?

Wi Non

Eske Bondye vle ede nou obeyi Li?

Wi Non

5. Mete non pa ou nan espas vid yo.

Paske, Bondye sitèlman _____ li bay

sèl Pitit li a pou yo. _____

mete konfyans yo nan li _____ p'ap pedi lavi yo.

Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an. Jan 3:16 (CPF)

6. Yon lòt mo pou peche se: (Trase yon liy anba mo ki kòrèk la)

OBEYI
FÈ SA KI MAL

DEZOBEYISANS
MECHAN

7. Eske li posib pou yon moun viv yon vi Kreyen toupatou?

Wi

Non

Petèt

Pafwa

8. Kilès ki Jezi? Chèche repons la nan I Jan 5:5.

9. Poukisa Jezi te mouri sou Kwa-a? Li I Korint 15:3

10. Lhè ou dezobeyi Bondye, kisa ou dwe fè? Li I Jan 1:9.

R _ _ _ _ _ devan Bondye nou fè peche, la

P _ _ _ _ _ tout peche nou yo.

11. Gen yon vèsè nan Bib la ki demontre nou ke n'ap gen lavi ki p'ap janm fini nan Syèl la. Eske ou kapab ranplase mo ki manke yo? Li I Jan 5:13.

M'ap ekri nou lèt sa a, _____ ki kwè

nan _____ Bondye a pou

_____ ka konnen _____

gen lavi ki p'ap janm fini an.

12.Trase yon liy anba mo “Kwa” nan mo Kwayan-an.

Aprann vèsè la Bib sa yo pa kè:

“Men, sa ki te resevwa l' yo, sa ki te kwè nan li yo, li ba yo pouvwa tounen pitit Bondye.” Jan 1:12 (CPF)

“Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi lavi yo. Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an.”
Jan 3:16 (CPF)

“Bagay mwen te moutre nou, se sa mwen menm mwen te resevwa. Se yo menm ki pi konsekan. Men yo: Kris te mouri pou peche nou, dapre sa ki ekri nan Liv la.”
1Korint 15:3 (CPF)

Nou resevwa Jezi kòm Sovè pèsònèl ou epi ou kwè ke Jezi se Pitit Bondye, alò ou se yonn nan pitit Li yo.



Leson Nimewo De KIJAN POU VIV POU JEZI

Gen yon sèl fason pou viv epi pou vreman kontan, e fason sa se lhè w'ap viv pou Jezi.

Nou jwenn, nan Bib la, ke gen règleman pou nou swiv nan lavi



nou dekwa pou tout plan Bondye gen pou nou manifeste. Men kèk nan règleman ke Bondye ba nou pou nou kapab viv nan la pè epi pou kè nou kontan.



Bondye pa janm mande nou fè yon bagay san ke li pa pwomèt L'ap ede nou. Lhè ou fè yon erè ou byen lhè ou dezobeyi yonn nan règleman Li yo, li enpòtan pou fè Bondye konnen ke ou regrèt sa. Bondye toujou ap tann pou Li padonnen ou.

Bondye toujou renmen ou menm lhè ou fè yon erè, men Li pa renmen kèk nan bagay nou fè pafwa. Ou toujou pou Bondye kan mèm.

Moun ap gade ou. Eske ou konnen sa?



Lhè ou pa konnen si yon bagay byen ou mal, poze tèt ou
kekasyon sa yo?

Eske mwen fè e di bagay ki fè Bondye plezi?

Eske mwen eseye panse epi pale tankou Jezi?

Eske mwen trete lòt moun tankou mwen ta vle yo trete mwen?

Eske mwen montre jantiyès ak lanmou bay lòt moun?

Eske mwen pare pou mwen ede?

Gen de lhè Satan ap vin tante ou pou ka fè mal. Lhè sa rive,
pale ak Bondye epi mande pou Li ede ou. Sonje byen ke se
pa yon peche lhè ou tante, men se yon peche lhè ou tonbe
nan tantasyon pou fè sa ki mal.

Dyab la se lenmi ou. Li mètdam anpil. Li renmen twonpe ou
pou fè sa ki mal. Bondye pi fò pase Satan. Bondye va ede ou
nan moman difisil say o. Li I Jan 4:4.

KISA OU APRANN NAN LEKTI SA?

1. Konte senk nan règleman ke nou dwe swiv nan lavi nou.

2. Kisa Bondye va fè pou nou lhè nou di Li ke nou regrèt

peche nou yo? Li l Jan 1:9.

3. Fè yon ti wonn arebò “wi” ou byen “non” pou chak fraz.

Moun ap gade sa nou fè WI NON

Moun ap koute sa nou di WI NON

Bondye vle pou mwen janti WI NON

4. Mete yon ti kwa X akote chak fraz ki di verite.

_____ Mwen dwe pale ak Bondye nan lapriyè toulejou.

_____ Mwen dwe fè yon bon bagay yon sèl fwa pa semen

_____ Mwen dwe obeyi Pawòl Bondye lhè mwen vle.

5. Kilès k'ap eseye fè nou fè sa ki mal?

BONDYE

SATAN

JEZI

6. Verite ou byen Manti. Fè yon ti wonn arebò repons ki korèk la.

Bondye va ede mwen nan moman difisil.

VERITE

MANTI

Dyab la eseye tante mwen pou mwen ka fè sa ki mal.

VERITE

Lhè out ante sa se yon peche.

VERITE

7. Kilès ki pi FÒ e ki pi GRAN? Satan.





— — — — —

8. Eske Bondye ka tante nou? Li Jak 1:13.



_____Wi _____Non

9. Fè lekti epi aprann vèsè la Bib sa pa kè.

“Si nou yonn renmen lòt, lè sa a tout moun va konnen se disip mwen nou ye.” Jan 13:35 (CPF)

10. Kopye vèsè nou jwenn nan Matye 28:20, ki pale de pwomès Bondye pou nou tout.

“Chonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba.”

Matye 28:20b (CPF)

Leson Nimewo Twa

LEKTI BIB LA

Menm jan ou bezwen manje bon manje chak jou pou kapab grandi nan kò ou, ou bezwen li Bib la tou pou kapab grandi nan lespri.

Bib la se mesaj Bondye pou moun k'ap viv sou Tè-a. Se pou moun tout kalite laj. Se yon gwo liv ki gen ladan 66 liv antou – 39 ladan liv sa yo se Ansyen Testaman epi 27 ladan se Nouvo Testaman.

Lhè ou li Bib la chak jou, sa va ede ou...

- aprann bagay sou Jezi, Pitit Bondye-a.
- konnen kisa Bondye mande ou pou fè.
- lhè ou va santi ou poukò ou epi lhè ou nan tristès.
- lhè ou bezwen Bondye ede ou pran kèk desizyon.
- grandi antan ke yon Krètyen.

Li Bib la **TOULE OU**. Ou kapab aprann tou lhè ou li liv lekòl di Dimanch yo, papye yo ba ou pou ale lakay ou yo epi lòt bon ti liv istwa sou la Bib yo.

Li Bib ou **TOUPATOU** kote ou ye – lakay ou, nan vakans, legliz, lekòl di Dimanch, nan chanm ou, deyò, toupatou, nenpòt ki lhè.



Li Bib ou avèk **ATANSYON**. Lhè ou pa konprann sa w'ap li-a, mande Bondye pou ede ou konprann. Ou kapab pale tou avèk pwofesè lekòl di Dimanch la ou byen avèk pastè-a de bagay ou pa konprann.

Li Bib ou **TRANKILMAN** epi **AWOT VWA**. Panse kisa

Bondye di ou nan pawòl Li, la Bib la.

Li Bib ou **POUKONT OU** ou byen ansanm ak **LÒT MOUN**.

KI KOTE POU KÒMANSE FÈ LEKTI SA?

Ou gen yon chwa. Ou kapab kòmanse nan kòmansman nèt ak liv Genèz la ou byen ou kapab kòmanse pa Nouvo Testaman-an. Liv Lik nan Nouvo Testaman-an se yon bon kote pou kòmanse.

KISA OU TE APRANN NAN LEKTI SA?

1. Demele mo sa yo ki montre kisa ou dwe fè koulye-a ke ou se yon Kretyen.

kelit

iBb

al

2. Konte de bagay lekti Bib la ap fè pou ou.

3. Mete yon ti kwa devan fraz ki di verite a.

_____ Mwen dwe li Bib mwen toulejou.

_____ Mwen sèlman kapab li Bib mwen lhè mwen legliz.

_____ Bib la se Pawòl Bondye.

4. Kilès ki kapab ede mwen konprann kisa mwen li nan Bib la?

5. Li Sòm I 19:105. Kisa Pawòl Bondye ye pou ou?

Che Bondye,

Siyen,

Yon _ _ _ _ _ ki fè m' wè kote m'ap mete
pye m', se yon _ _ _ _ _ k'ap klere chemen mwen.



6. Ekri epi aprann vèsè sa yo pa kè.

“Syèl la ak tout tè a va pase, men pawòl mwen p'ap janm pase.” Matye 24:35 (CPF)

“Mwen sere pawòl ou yo nan kè mwen, pou m' pa fè peche kont ou.” Sòm 119:11 (CPF)

“Pawòl ou se yon chandèl ki fè m' wè kote m'ap mete pye m', se yon limyè k'ap klere chemen mwen.” Sòm 119:105 (CPF)

7. Lakay mwen, ou ka jwen _____ Bib.

8. Ekri yon nòt bay Bondye sou Bib la epi kisa li reprezante pou ou.

9. Vèsè mwen pi renmen nan Bib la se

Leson Nimewo Kat **PALE AVÈK BONDYE**

Pale avèk Papa Bondye ki nan Syèl la, yo rele sa “lapriyè”. W’ap vle pale ak Bondye regilyèman tankou Bib la di ou pou fè nan I Tesalonik 5:17. “Pa janm sispann lapriyè.” Nou kapab lapriyè nenpòt ki lhè epi nenpòt ki kote.

Bondye toujou pare pou tande lapriyè nou, kelkanswa awot vwa ou byen tou Dousman. Bondye pa janm dòmi donk ou kapab pale avèk Li nenpòt ki lhè, lajounen kon lannwit. Li pa JANM trò okipe.



Men kèk lhè yo rekòmande pou lapriyè.
Avan ou kòmanse yon jounen—mande Li pou ede ou.
Avan ou manje- remèsye Li pou manje-a.
Lhè ou gen laperèz—mande kouraj.
Lhè ou pou kont ou epi ou nan tristès—mande Li pou ede fè kè ou kontan.

Lhè ou nan bezwen—mande epi kwè ke Li kapab reponn a tout bezwen ou yo.

Lhè ou peche—mande pou Li padonnen ou.

Lhè ou malad—mande pou Li geri ou.

Lhè ou bezwen èd- mande pou Li ede ou.

Avan dòmi leswa- mande pou Li pwoteje ou.

Men kèk bagay pou sonje lhè ou nan lapriyè.

- Remèsye Li pou yon bagay espesyal Li te fè pou ou.
- Sonje fanmi, zanmi, legliz, paste ak misyonè ou yo.
- Pale Bondye de pwoblèm ou ak nesesite ou genyen.
- Pandan w’ap fini lapriyè-a, di pawòl say o, “Nan non

Jezi". (Li Jan 14:13,14)

Jezi te moutre disip Li yo kijan pou yo lapriyè. Nan Matye chapit 6:9-13, Li bay yon egzanp kijan pou moun lapriyè—

"Papa nou ki nan syèl la, Nou mande pou yo toujou respekte non ou. Vin tabli gouvènman ou, pou yo fè volonte ou sou latè, tankou yo fè l' nan syèl la. Manje nou bezwen an, ban nou l' jòdi a. Padonnen tout sa nou fè ki mal, menm jan nou padonnen moun ki fè nou mal. Pa kite nou nan pozisyon pou n' tonbe nan tantasyon, men, delivre nou anba Satan. Paske, se pou ou tout otorite, tout pouvwa ak tout lwanj, depi tout tan ak pou tout tan. Amèn." (CPF)



Pafwa ou va lapriyè ansanm avèk lòt moun men li enpòtan pou gen tan an prive avèk Bondye. Pale avèk Li kòm si ou t'ap pale avèk yon zanmi ki bò kote ou. Se sa ki lapriyè .

Ou kapab lapriyè nan chanm ou, nan machin, nan lekòl, nan legliz, toupatou. Pafwa ou kapab mete ou ajenou tandiske gen dè fwa ou kapab sèlman fèmen zye ou. Nan legliz, ou kapab kanpe ou byen fè yon won pou kenbe men ak lòt epi lapriyè.

Sonje byen, Bondye konn reponn lapriyè. Pafwa, repons li se "Wi", pafwa se "Non", epi pafwa repons Li se "Tann". Men l'ap toujou kenbe pwomès Li, ou mèt kwè sa. Nan Women 4:21, nou li pawòl sa yo "Li te gen fèm konviksyon Bondye te

gen pouvwa pou l' te fè sa l' te pwomèt la." (CPF)

Bib la di nou lapriyè yonn pou lòt epi lapriyè pou sa ki pètèt ap maltrete nou.

Jak 5:16 "Se pou yonn lapriyè pou lòt, pou nou kapab geri. Lè yon moun ap viv dwat devan Bondye, lapriyè moun sa a gen anpil pouvwa." (CPF)

Matye 4:44 "...renmen tout lènmi nou yo, lapriyè pou moun k'ap pèsekite nou." (CPF)

KISA OU TE APRANN NAN LEKTI SA?

1. "Pale avèk Bondye" se kisa? Mete yon ti kwa X devan repons ki di verite-a.

_____ Chante

_____ Lapriyè

_____ Fè Lekti

2. Kisa l Pyè 3:12 di sou lapriyè nou?

Bondye veye _____

Li tandè _____

3. Ki lhè ou kapab pale avèk Bondye?

4. Ki kote ou kapab pale avèk Bondye?

5. Mete yon "V" devan fraz ki di Verite yo.

_____ Mwen kapab pale avèk Bondye nenpòt lhè,



nenpòt kote.

_____ Bondye twò okipe pafwa pou l' tande lapriyè mwen.

_____ Mwen pa dwe lapriyè avèk lòt moun.

_____ Konfese se lhè mwen admèt devan Bondye ke mwen fè sa ki mal.

_____ Mwen dwe lapriyè pou lòt moun.

_____ Lapriyè toulejou se yon bon abitud.

6. Li “Notrepè-a” ki nan matye 6:9 la awot vwa epi aprann li pa kè.

7. Fè yon ti wonn arebò repons ki korèk la.

Mwen dwe toujou mete mwen ajenou lhè m'ap lapriyè.

WI

NON

Lapriyè se lhè w'ap pale avèk Bondye.

WI

NON

Mwen kapab pale avèk Bondye nenpòt ki lhè, nenpòt ki kote.

Leson Nimewo Senk YON KOTE POU ADORE

Yonn nan kote ke nou kapab aprann anpi bagay sou Jezi ak Bondye se nan legliz. Legliz, yo rele sa pafwa “Lakay Bondye”. Se yon kote moun tout kalite laj rasanble ansanm pou—

1. Adore epi onore Bondye.
2. Aprann plus bagay sou Bondye ak Pitit Li, Jezi.
3. Rankontre zanmi ki Kreyen.
4. Rasanble avèk fanmi Bondye-a.
5. Chante, lapriyè epi aprann.
6. Pataje avèk lòt moun kisa Bondye fè pou nou.
7. Pran plezi nan kamaradri avèk Kreyen.
8. Frekante lekòl di Dimanch.
9. Resevwa ansèyman sou Bib la.

Lhè ou frekante lekòl di Dimanch ansanm ak lòt aktivite legliz yo chak semen, sa va ba ou anpil fason pou aprann plus bagay nan Bib la, ki Pawòl Bondye-a.

Gen pwofesè ak moun k'ap travay ki va anseye ou lhè nan Kan Biblik, Klib Biblike pi nan lòt aktivite Kreyen. Plis ou aprann de Bondye sa va ede ou vin yon Kreyen ki janm, yon Kreyen k'ap grandi anpil. Sa se yonn nan rezon ki fè li enpòtan pou ale legliz regilyèman.


Le Dimanch dabitid se yon jou kote ke plis moun ale legliz. Men gen lòt jou nan semenn nan ke nou kapab ale legliz

tou. Siman legliz ou òganize aktivite nan lòt jou nan semen nan òt ke Dimanch.

Bondye di
legliz. Li
Ebre 10:25.



Chante



Bay

Bondye di
nou dwe fè atansyon pou nou
“Pa



Aprann

pran



Pataje

egzanp sou



moun ki

Lapriyè



Adorasyon

pran



Predikasyon

abitid

pa vin

nan reyinyon nou yo.” (CPF)



Temwayaj

Poukisa pou nou ale legliz? Sa se yon keksyon ti gason ak ti fi konn poze pafwa. Men kèk rezon pou sonje.

Nou ale legliz paske:

1. Bib la di nou pou nou pou nou reyini ansanm epi adore Bondye.
2. Nou vin konnen Bondye pi byen lè nou koute ensèyman ak prèch yo.
3. Nou fè konesans epi nou vin konnen lòt zanmi Kreyen pi byen.
4. Nou bezwen rezève yon tan pou nou asosye ak lòt Kreyen.

5. Nou bezwen rezève yon tan pou nou bay Bondye tout panse nou.
6. Nou vle pataje lanmou nou genyen pou Bondye-a.

Gen anpil bagay ke w'ap gen pou fè nan legliz. Lhè ou reyini ak lòt moun, ou kapab adore Bondye ansanm yon sèl kote.

Men yon lis de wit bagay ki kapab pase nan legliz ou.

Lhè ou ale legliz, pran Bib ou ansanm avèk ofrann ou pral bay la.

Pwiske ou fè pati de yon legliz, li enpòtan pou respè legliz la epi pou ou ede netwaye li.



Ou kapab pale lòt moun de legliz ou a epi envite yo vini avèk ou.

Lhè n'ap aprann de Jezi ak Bondye, Papa nou ki nan Syèl la, sa kapab gen anpil plezi ak kè kontan ladan. Fè sa yon abitud pou ale legliz. Sa va ede ou viv lavi Jezi fè plan pou ou viv la.

KISA OU TE APRANN NAN LEKTI SA?

1. **Kisa yon legliz ye?** (Mete yon ti kwa X devan chak fraz ki di verite.)

- _____ Yon kote pou adore Bondye
- _____ Yon kote pou chante epi pou bay Bondye glwa
- _____ Yon kote pou aprann plis de Bondye
- _____ Yon kote pou goumen



2. **Complete vèsè la Bib sa: Ebre 10:25 (CPF)**



_____ nan reyinyon
_____ yo..."

3. **Fè yon won arebò repons ki di verite-a.**



Eske mwen dwe ale nan nenpòt legliz?

WI NON

Eske mwen dwe ale legliz regilyèman?

WI NON

Eske mwen dwe envite lòt moun ale legliz?

WI NON





4. Ki kote ki yon bon kote pou fè zanmi?

5. Konte wit (8) bagay ki kapab fèt nan legliz.

_____	_____
_____	_____
_____	_____
_____	_____

6. Konte de bagay ou dwe pote avèk ou legliz.

7. Kijan ou santi ou aprè ou soti legliz?

8. Ki non legliz ou mache-a?

9. Ki non pastè ou?

10. Ki jan de aktivite yo fè nan legliz ou mache-a?

Mwen kapab ede legliz la lhè mwen:

_____ li pwòp.

Pale _____ de li.

Envite lòt moun _____.

Aprann vèsè Bib sa yo:

“Konsa, se lè ou tande mesaj la ou vin gen konfyans. Mesaj la, se pawòl Kris la y'ap anonse.” Women 10:17 (CPF)

“Pito nou chache bay bagay peyi Wa ki nan syèl la premye plas nan lavi nou, chache viv jan Bondye vle l' la anvan. Lè sa a, Bondye va ban nou tout lòt bagay sa yo



... tou.” Matye 6:44 (CPF)

Leson Nimewo Sis

PALE LÒT MOUN DE JEZI

Koulye-a ke ou se pitit Bondye, ou kapab pale lòt moun de Jezi. Ou kapab sèvi temwen- yon moun k'ap pale sa Bondye fè pou li.

Nan Mak 5:19, Jezi di konsa, “Ale, tounen lakay ou, nan ^(ekri non ou la)

mitan fanmi ou yo. Rakonte yo tou sa Bondye fè pou ou, kijan li te gen pitye pou ou.” (CPF). Nou tout gen zanmi, wazen ak fanmi ki pa konnen Jezi kòm Sovè pèsònèl yo. Fè de kwa pou pataje avèk yo kisa Jezi fè pou ou.

Men yon seri bagay ke ou dwe konnen avan you kapab pale lòt moun de Jezi.

1. Konnen ke ou se yon Kreyen (Jan 5:24)
2. Konnen ke Bondye renmen chak moun. (Jan 3:16)
3. Konnen ke tout moun fè peche. (Women 3:23)
4. Konnen ke tout moun dwe konfese peche yo bay Jezi. (1 Jan 1:9)
5. Konnen ke Bondye pwomèt lavi etènèl pou moun kwè nan li yo. (Women 6:23)
6. Konnen ke Jezi pare pou resewwa chak moun ki mande li. (Matye 21:22)

Lhè nenpòt nan zanmi ou byen fanmi ou yo konfese peche yo bay Jezi epi yo mande padon Li, yo vin yon manb nan fanmi Bondye-a menm jan avèk ou. Sonje byen, Jezi te mouri pou tout moun toupatou sou la tè.

Pataje avèk ti zanmi Kreyen ou yo enpòtans pou—

1. Li Bib yo chak jou.
2. Pale ak Bondye chak jou.
3. Frekante lekòl di Dimanch epi legliz regilyèman.
4. Pale lòt moun de Jezi.
5. Viv lavi yon Kreyen dwe viv devan lòt moun.

Genyen anpil fason pou pale lòt moun de Jezi. Men kèk fason nou rekòmande. Eseye yo!

PALE LÒT MOUN LHÈ OU—

1. Sèvi ak vwa ou. Pale de sa Jezi fè pou ou.
2. Distribiye feyè ki pale de Jezi.

3. Viv lavi yon Kreyen.
4. Envite yo ale legliz avèk ou.
5. Ekri yon lèt ou byen yon ti nòt epi konsa ou kapab pataje Jezi avèk yo.

Jezi vle nou pale lòt moun de Li. Eske Li kapab konte sou ou pou temwaye non Li?

Wi, Jezi kapab konte sou mwen _____ pou temwaye non Li.

KISA OU TE APRANN NAN LEKTI SA?

- I. Ki kote nou ka jwenn vèsè nan Bib la ki di nou ke nou dwe ale di lòt yo?



2. Reponn keksyon sa yo avèk yon “Wi” ou byen “Non.”



A. Tout moun fè peche.

B. Bondye renmen sèlman Kreyen yo. _____

C. Tout moun dwe konfese peche yo. _____

D. Jezi ap toujou padonnen nou. _____

3. Kisa ou dwe di yon nouvo Kreyen pou fè? Mete yon ti kwa X devan chak fraz ki di verite.

_____ Lapriye le Dimanch sèlman.

_____ Li Bib la chak jou.

_____ Ale legliz le Dimanch sèlman.

_____ Pale lòt moun de Jezi.

_____ Viv lavi Kreyen-an devan lòt moun yo.

4. Konte de fason ke nou kapab pale lòt moun de Jezi.

5. Pou kisa nou dwe pale lòt moun de Jezi?



6. Konte twa moun ke w'ap pale de Jezi avèk yo?

